



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA NASYONAL TI BIZNIS YO, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ANGAJMAN LI POU SIPÒTE KOMINOTE BIZNIS NEW YORK LA**

*Gouvènè a te jwenn finansman pou gwo inisyativ an favè ti biznis yo nan kad bidjè ane fiskal 2025 la– ki enkli ekspansyon Pwogram Devlopman Ekonomik Esklizif yo.*

*Gouvènè a lanse yon pwogram sibvansyon kontrepati pou inovasyon ki se 6 milyon dola pou sipòte ti biznis k ap patisipe nan Pwogram Federal Rechèch sou Inovasyon pou Ti Biznis oswa Pwogram Transfè Teknoloji – Aplikasyon yo se [isit la](#)*

*Sis mwa aprè eliminasyon istorik reta New York nan MWBE, Gouvènè a anonse yon delè repons pou sètifikasyon san parèy ki mwens pase 90 jou*

*Gouvènè a devwale pake pwogramasyon pou sipòte biznis ki asire nan NYSIF*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te selebre Mwa Nasyonal Ti Biznis yo, ki se nan mwa me, pandan li mete aksan sou sipò enfayib Eta New York la an favè kominote ti biznis li yo. Nan kad selebrasyon nasyonal la, Gouvènè Hochul te lanse nouvo pwogram pou ogmante sipò pou ti biznis New York yo, ki gen ladan yon pwogram Sibvansyon Kontrepati Inovasyon 6 milyon dola pou ankouraje inovasyon nan ti biznis yo ak yon seri pwogram pou sipòte prèske 100,000 biznis ki gen asirans nan Fon Asirans Eta New York la (New York State Insurance Fund, NYSIF). Anplis de sa, Gouvènè a te anonse yon nouvo etap kòm delè trètman pou sètifikasyon biznis minorite ak fanm New York yo posede te rive nan yon nivo istorikman ba. Ansanm, anons sa yo enskri nan kad vizyon Gouvènè a pou bay ti biznis yo resous ak sipò yo bezwen pou yo pwospere.

"Ti biznis yo fè pati nwayo kominote yo nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram devlopman ekonomik esklizif la, n ap asire nou ke ti biznis ki nan chak kwen eta a kapab konpetitif, grandi ak pwospere. N ap konstwi yon ekonomi modèn 21yèm syèk e li pa t ap ka fèt san kominote ti biznis New York la, ki se kolòn vètebral ekonomi nou an."

**Hope Knight, Prezidan Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, te deklare,** "Nou kontan selebre Mwa Nasyonal pou Ti Biznis yo ak pwogram avèk sèvis ki

te favorize kwasans ak inovasyon pou ti biznis ki vle pwospere nan New York yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap kontinye fè Eta New York vin eta ki pi favorab pou ti biznis nan peyi a."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Ti biznis yo pa sèlman motè ekonomi lokal nou yo, men yo se kè kominote nou yo, ki bay sèvis inik ak opòtinite travay ki enpòtan anpil. Nan Depatman Travay (Department of Labor, DOL), nou pran angajman pou sipòte baz esansyèl fòs ekonomik sa yo. Pandan n ap pwopoze solisyon pèsonalize ki satisfè divès bezwen biznis yo pou fasilite aksè a finansman ak asistans teknik, nou bay ti biznis yo mwayen pou yo pwospere epi elaji potansyèl yo."

**Direktè Egzekitif ak Direktè Prezidan Jeneral NYSIF, Gaurav Vasisht, te deklare,** "Nou pran angajman pou nou bay solisyon ki adapte ak diferan bezwen tout biznis yo atravè Eta New York. Ansanm pwogram sa yo fèt espesyalman pou sipòte ti biznis yo epi nou devwe pou ede yo pwoteje anplwaye yo."

Gen prèske 695,000 ti biznis nan Eta New York, epi apeprè 98 pousan nan biznis New York yo gen mwens pase 100 anplwaye. Biznis sa yo anplwaye plis pase 4.5 milyon moun nan domèn soti nan komès detay ak sèvis manje rive nan sèvis finansye yo, nan agrikilti, inovasyon ak konstriksyon.

Nan kad bidjè ane fiskal 2025 ki adopte a, Gouvènè Hochul te jwenn ekspansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi eskizif New York la (Downtown Revitalization Initiative), pwogram NY Forward ak FAST NY pou ranfòse ekonomi lokal kote ti biznis yo ka pwospere. Anba lidèchip Gouvènè a, Eta New York la te bay plis pase 1 milya dola pou sipò ti biznis yo, ki gen ladan fon redrèsman ak fon inisyat pou biznis ki nan etap demaraj yo pandan pandemi an. Epi, anba direksyon Gouvènè a, Empire State Development te angaje l pou l bay yon sipò san parèy pou ti biznis New York yo epi yo bay ti biznis yo plis pase 60 pousan nan tout finansman an.

### **Pwogram Sibvansyon Kontrepati pou Inovasyon**

Gouvènè Hochul te lanse jodi a Pwogram Sibvansyon Kontrepati pou Inovasyon ESD a ki se 6 milyon dola, ke yo te pwopoze pou premye fwa nan diskou li an 2023 sou sitiyan Eta Leta a. Pwogram sa a bay sipò pou aplikasyon ak asistans teknik pou konpayi New York k ap aplike pou pwogram sibvansyon Rechèch Inovasyon Ti Biznis ak Transfè Teknoloji pou Ti Biznis yo, ki ankouraje ti biznis yo pou yo angaje yo nan rechèch ak devlopman avèk potansyèl pou komèsyalizasyon.

Nan kad pwogram nan, ESD pral pote jiska 100,000 dola pou devlopman yon konsèp ki fè siksè, oswa prim Faz I, ak jiska 200,000 dola pou devlopman yon pwototip, oswa prim Faz II. Divizyon an pral bay tou resous asistans teknik pou benefisyè Faz II ak Faz III yo. Nou ka jwenn aplikasyon ak direktiv yo [isit la](#).

### **Nouvo etap pou Sètifikasyon pou Minorite ak Fanm ki posede Biznis yo**

Gouvènè Hochul te anonse tou ke New York pa sèlman depase angajman li pou diminye tan repons pou aplikasyon pou sètifikasyon MWBE yo a 90 a 120 jou – li te depase angajman sa a. Depi 1ye out 2023, ESD te sètifye ak resètifye plis pase 1,500 biznis, ak tan trètman mwayen pou aplikasyon yo kounye a ki pran mwens pase 90 jou. Anons sa a baze sou sipò solid Gouvènè a pou MWBE yo, ki gen ladan eliminasyon istorik reta New York pou sètifikasyon MWBE yo ki dire plizyè ane aprè yon investisman 11 milyon dola nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a.

### **Lòt sipò pou biznis ki gen asirans NYSIF**

Gouvènè Hochul te devwale tou nouvo pwogram pou biznis ki gen asirans NYSIF. NYSIF te kreye yon Ekip Sipò pou Ti Biznis pou ede biznis ki fèk etabli yo jwenn konpansasyon pou aksidan travay epi pou bay moun ki gen kontra asirans sa yo sipò endividyèl dirèk nan men anplwaye NYSIF yo depi premye souskripsyon jiska pwosesis renouvèlman an. Sa konsène prepare pou odit, jwenn sètifika asirans, kenbe dosye komèsyal ki egzat, jere reklamasyon ak jwenn sèvis sekirite.

Gouvènè a te anonse tou yon kredi prim pou Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl ki apwopriye pou moun ki gen asirans NYSIF ki elijib yo, ki etabli yon kredi inik 10 pousan prim anyèl la jiska 1,000 dola pou achte ekipman ak materyèl sekirite pou pwoteje travayè New York yo. Ekipman elijib gen ladann mask, linèt, gan, kouvèti tèt ak lòt bagay ki gen rapò ak sekirite.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse yon nouvo opsyon faktirasyon mansyèl egal pou moun ki gen asirans NYSIF yo, ki pèmèt biznis ki elijib yo pwolonje pèman yo pandan 12 mwa epi elimine pi gwo depo yo. Chanjman sa a pral finalman ede ti biznis yo jere lajan k ap antre sòti pandan tout sik pou voye bòdwo anyèl la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ak lòt, vizite [nysif.com](https://nysif.com).

### **Sipò Kontinyèl Eta New York la ak Ti Biznis yo**

Gouvènè Hochul te raple Nouyòkèt yo tou egzistans sipò ak sèvis pou ti biznis yo atravè ajans Eta New York yo. [Reprezantan Sèvis Biznis yo](#) nan Depatman Travay Eta New York la travay avèk antreprenè yo pou pwopoze solisyon pèsonalize pou ede yo atenn objektif biznis yo. DOL ofri tou [konsiltasyon sou sèvis resous imèn gratis](#), ede nan [rekrutman mendèv](#) pou ede anplwayè yo jwenn travayè kalifye, epi li ofri konsèy sou [ankourajman pou anboche, kredi taks, ak opòtinite pou finansman](#) ki ka ede anplwayè yo diminye depans yo.

Gouvènè Hochul pran angajman tou pou l sipòte sektè agrikòl New York la e li ogmante investisman nan agrikilti a 114 milyon dola – oswa 60 pousan – pandan manda li. Bidjè Ane Fiskal 2025 la baze l sou pwogrè Gouvènè a reyalize nan envesti 55 milyon dola pou kenbe estati New York antanke yon pwodikte pwodui letye pandan li bay 50 milyon dola pou ede fanmi yo jwenn aksè ak manje ki fre epi sipòte ti kiltivatè lokal yo. Nan kad Bidjè a, Gouvènè Hochul te jwenn tou yon akò pou pwolonje vant bwason ki gen alkòl ou ka pote pou yon lòt senk ane.

Empire State Development ofri tou yon seri sipò pou ti biznis New York yo atravè Divizyon Ti Biznis li a. Pwogram aksè ak kapital yo tankou Fon Prè New York Forward la bay prè ki ka itil biznis ki rive jiska 150,000 dola ak pwogram Linked Deposit la ki ede biznis ki egziste deja yo jwenn finansman ak pousantaj ki redui de 2 a 3 pousan pou devlope prezans yo nan New York. Anplis de sa, fon kapital-risk Eta New York la investi nan antreprenè, jesyonè fon, ak akseleratè pou alimante ekosistèm inovasyon New York la epi li ap deplwaye aktivman plis pase 300 milyon dola kapital pou investisman dirèk ak endirèk.

Pou ou konnen tout pwogram pou sipòte ti biznis nan Eta a, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)